

# Mande'm de Elektrisite Statik!

Jodi a, yon enstriktè de Mize Discovery nan Acton te vizite klas mwen e li te fè yon pwogram pratik sou elektrisite statik.

Nou kreye tout kalite elektrisite statik ak Van de Graff jeneratris. Se vrèman yon eksperyans ki leve cheve'w. Ban'm di'w de tout bagay sa yo.

Mande'm kòman nou kapab kreye statik ansanm lakay nou e ede'm eksplore statik plis ak aktivite sa yo.

## Sa se yon Atraksyon!

Yon pwojè ki "atiran" pou kontinye eksplorasyon elektrisite statik.

### Pwojè 1

#### Kisa ke ou bezwen:

- yon peny plastik
- robinèt ak dlo kap kouri

#### Kisa pou fè:

1. Pase peny lan anpil fwa nan cheve ki sèch, pwòp pou bati yon chaj statik.
2. Kenbe peny ki chaje a pre'w, men pa menyen, dlo kap koule.

Kisa ke ou konstate? Eske ou konstate okenn diferans si ou pase peny lan nan cheve'w plis fwa? Kisa ki pase si peny lan manyen ak dlo an? Ki materyèl sof de peny lan ke ou kapab sèvi pou atire dlo an?

### Pwojè 2

#### Kisa ke ou bezwen:

- yon balon ki gonfle
- yon kontenè aliminyòm ki vid

#### Kisa pou fè:

1. Mete kontenè sou yon bò.
2. Fwote balon an sou tèt ou o mwen 20 fwa pou bati yon chaj elektrik
3. San ke ou pa lage balon an oubyen manyen okenn bagay, kenbe balon ki chaje an yon pous de kontenè a.

Kisa ki pase? Eske kontenè a woule ale lwen'w. Si li pat woule eseye chaje balon an ankò e fè menm eksperimantasyon an. Yon fwa ke ou konn byen fè eksperimantasyon an, bay yon zanmi, frè/sè oubyen paran defi, nan jwèt pou "bouje kontenè a." Jwenn yon moun ki pou gonfle balon an, chaje li, e gade pou wè ki moun ki kapab woule kontenè a pi lwen!



TRAVELING  
**SCIENCE**  
WORKSHOPS  
DISCOVERY MUSEUM